

Pilih jawaban nu bener A, B, C atawa D !

Jalak Bali atawa Curik Bali téh nyaéta manuk nu panjangna 25 cm. Manuk nu resep disada. Warna buluna bodas, mangrupa sato nu hirupna matuh di hiji tempat (éndemik) nu aya di Pulo Bali beulah kulon. Ieu manuk téh minangka sato éndemik Pulo Bali nu masih aya, sanggeus maung (harimau) Bali geus teu aya di kieuna. Ti mimiti taun 1991, sato nu kagolong kana katégori “kritis” téh digolongkeun jadi “fauna idéntitas” (maskot) di Provinsi Bali.

1. Ide pokok paragraf wacana nyaéta
 - A. Jalak Bali atawa Curik Bali téh nyaéta manuk nu panjangna 25 cm
 - B. Manuk Jalak Bali babari katangen da boga ciri khusus
 - C. Jalak bali méh tumpur, béak
 - D. sato éndemik Pulo Bali nu masih aya,

Dr. Baron Stressmann, ahli sato manuk urang Inggris nu pangheulana manggihan jalak Bali dina tanggal 24 Maret 1911. Manuk Jalak Bali babari katangén da boga ciri-ciri husus, saperti buluna bodas di sakujur awakna. Kajaba, tungtung buntutna jeung jangjangna warna hideung. Pipina mah taya buluan, warnana biru, sukuna warna abu-abu. Manuk jalu jeung bikang téh sarupa.

2. Isi paragraf di luhur nyaéta
 - A. Jalak Bali mangrupikeun fauna identitas Provinsi Bali
 - B. Jalak Bali marupikeun sato endemik Pulo Bali
 - C. Salah sahijina tempat panakaran Jalak Bali aya di Buleleng
 - D. Jalak Bali miboga ciri – ciri husus nu babari katangen
3. Sato nu hirupna matuh di hiji tempat disebut
 - A. Sato langka
 - B. Sato liar
 - C. Sato endemik
 - D. Sato piaraan
4. Salian ti manuk Jalak Bali sato nu geus punah di Bali nyaéta
 - A. Gajah
 - B. Maung
 - C. Lutung
 - D. Badak
5. Pernyataan nu bener ngeunaan manuk Jalak Bali nyaéta
 - A. Manuk nu teu resep disada
 - B. Warna Jalak Bali mah bodas
 - C. Manuk jalu jeung bikang sarupa
 - D. Pipina teu aya buluna
6. Dr. Baron Stressmann ahli manuk ti
 - A. Bali
 - B. Inggris
 - C. Buleleng
 - D. Badung
7. Sakali waktu Penyu mumbul ka benget cai pikeun
 - A. Ngendog
 - B. Ngarenghap
 - C. Kawin
 - D. Ulin
8. Penyu teh sato nu cara napasna make
 - A. Kulit
 - B. Ingsang
 - C. Paru – paru
 - D. Trakea
9. Penyu nupanggedena teh disebut
 - A. Penyu hejo
 - B. Penyu sisik
 - C. Penyu leang
 - D. Penyu balingbing
10. Jalma nu teu kungsi indit jauh ti lemburna sok disebut

- A. Kurung batok
B. Kurang batok
D. Kurung hayam
C. Kandang batok
11. Paribasa nu hartina migawe laku nu moal aya hasilna nyaeta
A. Sapu nyere pegat simpay
B. Nyiuk cai ku ayakan
C. Siga cai di daun tales
D. Legok tapak genteng kadek
12. Aya . . . komo meuntas.
Kecap luyu pikeun ngeusian titik – titik nyaeta
A. Tapak
B. Nyere
C. Kurung
D. Jalan
13. Penca silat teh asalna ti
A. Thailand
B. Vietnam
C. Indonesia
D. Filipina
14. Anu rek penca teh pasang heula
A. Pangsi
B. Kuda – kuda
C. Tarompet
D. Tangkis
15. Penca mah lain dipirig ku bedug tapi ku
A. Kacapi
B. Tarompet
C. Kendang
D. Goong
16. Udin mah tara bisa nyekel duit, dibere sabaraha wae ge beak.
Babasan nu luyu jeung kalimah di luhur nyaeta
A. Lesang kuras
B. Peujit koresaeun
C. Laer gado
D. Gurat batu
17. Resep ka Dita teh, lamun dititah sok gancang dipigawe.
Babasan nu luyu jeung kalimah di luhur nyaeta
A. Beurat birit
B. Hampang birit
C. Hampang leungeun
D. Panjang leungeun
18. Ari jadi jalma ulah . . . pagawean ngan pundah pindah wae.
A. Atah anjang
B. Epesmeer
C. Hejo tihang
D. Beurat birit
19. Budak nu sok tunggal teunggeul kabatur di sebut
A. Hampang leungeun
B. Epesmeer
C. Laer gado
D. Gurat batu
20. . . . timana Bu Hanifah teh ?
A. Wangsul
B. Balik
C. Mulih
D. Datang